

5YÈM ANE

NIVO ELEMANTÈ

EGZAMEN SYANS SOSYAL

PREMYE LIV

KESYON AK PLIZYÈ CHWA EPI AK REPONS ÒGANIZE

14 NOVANM 2007

Non elèv la _____

Non lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou an lèt enprime sou liy ki anwo yo.

Egzamen sa a gen twa pati. Pati I an ak Pati II a nan ti liv egzamen sa a; Pati III a nan Ti liv 2 a.

Pati I an gen 35 kesyon ki gen plizyè chwa. Ekri repons ou yo pou kesyon sa yo sou fèy papye apa a. Sèvi ak yon kreyon No. 2 sou fèy repons lan.

Pati II an gen plizyè kesyon ak repons kout. Ekri repons ou yo pou Pati II a nan ti liv egzamen sa a.

W ap gen inèdtan edmi pou w reponn kesyon ki nan Ti Liv 1 an.

PINGA OU VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO POKO DI W VIRE L.

Pati I

ESPLIKASYON

Gen 35 kesyon nan Pati I egzamen sa a. Chak kesyon gen kat repons ochwa, repons yo make depi A pou rive nan D. Li chak kesyon ak anpil atansyon. Deside kiyès nan repons ochwa yo ki bon repons lan. Nan fèy repons apa a, make repons ou sou ranje ki gen ti sèk pou chak kesyon yo pandan w ap nwasi ti sèk ki gen menm lèt ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon pou ou make fèy repons la.

Li **egzanp** kesyon ki anba a:

Egzanp Kesyon

Ki vil ki kapital Eta New York?

- (A) Utica
- (B) Albany
- (C) Vil New York
- (D) Buffalo

Repons ki kòrèk lan se **Albany** ki kote lèt **B** a. Sou fèy repons ou an, gade bwat ki montre ranje ki gen ti sèk pou repons pou kesyon ki nan egzanp lan. Kòm se chwa **B** a ki repons ki bon pou kesyon nan egzanp lan, se ti sèk ki gen lèt **B** a ki nwasi.

Reponn tout 35 kesyon yo ki nan Pati I nan egzamen an. Nwasi yon sèl ti sèk pou chak kesyon. Asire ou efase nèt nenpòt repons ou vle chanje. Ou gen dwa pa konnen repons pou kèk kesyon, men fè sa w kapab pou chak kesyon.

Lè ou fini ak Pati I an, ale nan Pati II a.

Pati I

Reponn tout kesyon nan pati sa a.

Sèvi ak tablo anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 ak 2 yo.

Kèk nan Montay ki pi Wo nan Lemonn yo

Montay	Kontinan	Wotè an Pye	Wotè an Mèt
Montay Everest	Lazi	29,028	8,848
Montay Aconcagua	Amerikdisid	22,831	6,959
Montak McKinley	Amerikdinò	20,320	6,194
Montay Kilimanjaro	Lafrik	19,340	5,895
Montay Elbrus	Lewòp	18,510	5,642

- Nan ki kontinan *twazyèm* montay ki pi wo nan tablo sa a ye?
(A) Amerikdisid (C) Amerikdinò
(B) Lazi (D) Lewòp
 - Ki deklarasyon enfòmasyon nan tablo sa a pi byen sipòte?
(A) Montay ki pi wo nan lemonn nan Endonezi.
(B) Tout montay ki sou lis la gen plis pase 5,600 mèt de wotè.
(C) Montay Everest se de fwa wotè Montay Kilimanjaro.
(D) Yo jwenn montay ki pi wo a nan Amerikdisid.
-
- Yo itilize yon kat relyèf (fizik) prensipalman pou montre
(A) resous natirèl (C) pozisyon vil yo
(B) fòm tè yo (D) kalite tanperati chak jou
 - Premye koloni yo te dwe sitiye tou pre yon sous
(A) dlo (C) bwa
(B) chabon (D) lò

Sèvi ak kat anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 5 ak 6 yo.

Konpare Itali ak Ostrali

	Itali	Ostrali
Non Ofisyèl	Repiblik Itali	Kominote Ostrali
Kapital	Wòm	Canberra
Popilasyon	58 milyon	20 milyon
Gwosè	116,342 mil kare	2,969,910 mil kare
Relijyon	pifò Katolik Women	Anglikan, Katolik Women
Lang	Italyen	Anglè
Rekòt	rezen, oliv, ble	ble, òj, kann

5 Ki pwodwi agrikòl yo plante nan toude Itali ak Ostrali?

- (A) rezen (C) oliv
(B) ble (D) òj

6 Kisa Itali ak Ostrali gen anmenmtan ki menm?

- (A) Italyen se lang ofisyèl toude peyi yo.
(B) Toude peyi yo se peyi kominotè.
(C) Popilasyon toude peyi yo menm gwosè.
(D) Toude peyi yo gen moun ki se Katolik Women.
-

7 Liy yo nan yon kat politik ki montre kibò yon nasyon oubyen eta kòmanse ak kibò li fini rele


- (A) liy latitud (C) liy fwontyè
(B) liy lonjitud (D) liy paralèl

8 Ki aksyon ki ta kapab pi itil pou sove resous natirèl yo?

- (A) respekte siyal sikilasyon (C) bay moun ki nan bezwen lajan
(B) respekte drapo nou (D) resikle papye

- 9** Moun travay pou plizyè rezon, men majorite moun travay pou yo kapab
- (A) rankontre nouvo moun
 - (B) pase tan
 - (C) achte byen ak sèvis
 - (D) gen yon kote pou ale chak jou
- 10** Peyi John gen yon premye minis ak yon Palman ki planifye, òganize, ak pran desizyon yo. Kisa deklarasyon sa a dekri nan peyi John nan?
- (A) depandans li ak lòt bagay
 - (B) jeografi li
 - (C) popilasyon li
 - (D) gouvènman li
- 11** Jou Veteran yo se yon jou pou
- (A) selebre bon rekòt
 - (B) vote pou reprezantan nan Kongrè a
 - (C) selebre fèt Etazini
 - (D) onore sa yo ki te sèvi nan lame Etazini
- 12** Ki gwoup bagay Endyen Natif Natal yo te pote bay Ewopeyen yo?
- (A) mayi, tabak, ak jomou
 - (B) lò, lajan, ak kwiv
 - (C) swa, te, ak epis
 - (D) cheval, fizi, ak poud pou zam
- 13** Resanblans ki genyen ant kay long Iroquois yo (Haudenosaunee) ak yon kay ak plizyè etaj nan yon vil sèke toude sèvi prensiplaman kòm
- (A) kote pou priye
 - (B) kay pou plizyè fanmi
 - (C) sant pou gouvènman an
 - (D) sant pou bank


Sèvi ak graf anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 14 ak 15 yo.



Sous: *Historical Statistics of the United States: Colonial Times to 1970*, U. S. Bureau of the Census

- 14** Nan ki lane popilasyon 13 koloni yo te depase pou premye fwa 1,500,000 moun?
- (A) 1720 (C) 1760
(B) 1750 (D) 1770
- 15** Ant 1720 ak 1740 popilasyon 13 koloni yo te ogmante ak yon kantite anviwon
- (A) 100,000 moun (C) 1,000,000 moun
(B) 400,000 moun (D) 3,000,000 moun
-
- 16** Chwazi chèf endyen an, plante ak rekòlte plant ki rele “three sisters” la, epi rasanble nwa ak fwi ak bè se te travay tradisyonèl
- (A) gason Algonquin yo
(B) fanm nan koloni yo
(C) fanm Iroquois (Haudenosaunee) yo
(D) sèvant feyodal yo

Sèvi ak kat anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 17 la.



Sous: Andrew Cayton et al., *America: Pathways to the Present*, Prentice-Hall (adapte)


17 Nan lane 1750, ki pwodwi yo te fè nan toude New York ak Rhode Island?

- (A) grenn
- (B) bwa
- (C) fouri
- (D) betay

18 Kolon Ameriken yo ki te sipòte gouvènman Anglè a pandan Lagè Revolisyon an te pote non

- (A) Wig yo
- (B) rebèl yo
- (C) Patriyòt yo
- (D) Lwayalis yo

Sèvi ak foto ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 19 la.



Sous: Benjamin Franklin, *Pennsylvania Gazette* (adapte)

- 19** Pandan Lagè Revolisyon an, foto sa a te sèvi pou montre kolon yo, yo te bezwen
- (A) travay ansanm kont Anglè yo
 - (B) touye koulèv anpwazonnen nan koloni yo
 - (C) sipòte taks sou te
 - (D) ede sòlda Anglè yo

20 Ki non ki ale pi byen ak deskripsyon an pati ki anba a?


- I. Lidè nan Koloni yo Pandan Peryòd Revolisyon an
- A. _____
 - B. John Adams
 - C. Benjamin Franklin
 - D. Nathan Hale

- (A) DeWitt Clinton
- (B) Christopher Columbus
- (C) Thomas Jefferson
- (D) Peter Stuyvesant

- 21** Kiyès ki te lidè Lame Kontinental la pandan Revolisyon Ameriken an?
- (A) George Washington (C) Patrick Henry
 (B) Benedict Arnold (D) John Burgoyne

Sèvi ak graf anba epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 22 a.

Transpòtasyon Manje nan Kanal Erie, 1849




Sous: James A. Banks et al., *New York: Adventures in Time and Place*, Macmillan/McGraw-Hill (adapte)

- 22** Nan lane 1849, apeprè ki pousantaj manje yo te voye nan Kanal Erie ki te farin?
- (A) 5% (C) 50%
 (B) 20% (D) 70%

Sèvi ak tablo kwonolojik ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 23 ak 24 yo.

Evènman Nan Eta New York (1807–1849)



Sous: F. Daniel Larkin et al., *New York: Yesterday and Today*, Silver Burdett & Ginn (adapte)

23 Ki evènman ki te pase nan lane 1848?

- (A) Frederick Douglass te pibliye yon jounal.
- (B) Fanm yo fè yon konvansyon nan Seneca Falls.
- (C) Yo te konstwi premye bato a vapè ki te reyisi.
- (D) Faktori lèn te kòmanse pwodwi nan New York.

24 Konbyen lane sa te pran pou konstwi Kanal Erie?

- (A) 8
- (B) 14
- (C) 17
- (D) 18

25 Ki aksyon ki se yon egzanp bòykòt?

- (A) refize achte pwodwi timoun travayè yo fè
- (B) chak moun gen tou pa yo lè y ap jwe yon jwèt
- (C) aksepte diferans kiltirèl ant moun
- (D) montre drapo a jou fèt

Sèvi ak tablo anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 26 ak 27 yo.

Popilasyon Nan Pi Gran Vil Nan New York yo, 1870-1900

	1870	1880	1890	1900
Vil New York	942,292	1,206,299	1,515,301	3,437,202
Buffalo	117,714	155,134	255,664	352,387
Albany	69,422	90,758	94,923	94,151
Rochester	62,386	89,366	133,896	162,608


F. Daniel Larkin et al., *New York: Yesterday and Today*, Silver Burdett & Ginn (adapte)

- 26** Ki deklarasyon sou popilasyon nan vil New York sòti 1870 rive 1900 ki vre?
- (A) Popilasyon an te diminye byen vit pandan peryòd sa a.
 - (B) Popilasyon an te rete menm jan pandan peryòd sa a.
 - (C) Popilasyon an te kontinye ogmante pandan peryòd sa a.
 - (D) Popilasyon an te ogmante epi li te diminye pandan peryòd sa a.

- 27** Ki vil popilasyon li te desann ant 1890 ak 1900?
- (A) Vil New York
 - (B) Buffalo
 - (C) Rochester
 - (D) Albany

-
- 28** Elèv nan yon klas senkyèm ane ap egzèse demokrazy lè yo
- (A) vote pou yon prezidan nan klas la
 - (B) leve men yo anvan yo pale
 - (C) ede mèt la pase papyè yo
 - (D) obeye ak règleman klas mèt la

Sèvi ak dyagram Vèn anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 29 la.



29 Nan Etazini, ki pouvwa yo bay gouvènman nasyonal la ansanm ak gouvènman eta yo?

- (A) kolekte taks
- (B) deklare lagè
- (C) kreye pak leta
- (D) konstwi lapòs

30 Ki tit ki ale pi byen ak deskripsyon an pati ki anba a ?


I. _____

- A. Pasifik
- B. Aktik
- C. Endyen
- D. Atlantik

- (A) Peyi yo
- (B) Rivyè yo
- (C) Oseyan yo
- (D) Eta yo

Sèvi ak kat anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 31 an.

Pò yo itilize pou Ekspòte Pwodwi yo








31 Buffalo pa sanble ak lòt vil yo ki gen pò yo montre sou kat la akòz li gen sèl pò li ki sitiye nan

- (A) Rivyè Mississippi
- (B) Gran Lak yo
- (C) Oseyan Atlantik
- (D) Gòf Meksik

32 Ki sous enfòmasyon ki se yon egzanp yon premye sous

- (A) yon pwogram televizyon sou Lagè Revolisyon an
- (B) yon atik nan ansiklopedi sou Algonquin yo
- (C) yon lèt yon imigran Ilandè te ekri nan lane 1870 yo
- (D) yon liv sou lavi Susan B. Anthony

Sèvi ak piktograf ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 33 a.

Lavant Nan Makèt John Nan Pou Yon Semèn	
Kantite legim ki vann	
Aspèj	
Mayi	
Leti	
Joumou	
Tomat	

kle
Chak senbòl egal 5 legim ki vann

Sous: *Communities: Activities Book*, Harcourt Brace & Co. (adapte)

33 Dapre piktograf la, konbyen joumou yo te vann pandan yon semèn?

- (A) 12
- (B) 30
- (C) 60
- (D) 120

ALE NAN LÒT PAJ LA ⇨

Sèvi ak kat anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 34 ak 35 yo.



Sous: F. Daniel Larkin et al., *New York: Yesterday and Today*, Silver Burdett & Ginn (adapte)

- 34** Anviwon ki distans an mil ki genyen ant Rochester ak Albany?
- (A) 100 mil
 - (B) 200 mil
 - (C) 275 mil
 - (D) 300 mil
- 35** Ki direksyon jeneral ou t ap pran si w ap sòti Albany pou ale nan Vil New York?
- (A) lès
 - (B) lwès
 - (C) nò
 - (D) sid
-

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score _____


Maximum Score is 35

Pati II

Eksplikasyon: Ekri repons ou yo pou kesyon yo ki vin apre an nan espas yo bay nan ti liv egzamen an.

Sèvi ak tablo anba epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 jiska 3 yo.

GOUVÈNMAN NASYONAL: Twa Branch



The diagram features a bald eagle with its wings spread, perched on a banner that reads "GOUVÈNMAN NASYONAL: Twa Branch". Below the banner, three columns describe the branches: EGZEKITIF Prezidan, LEJISLATIF Kongrè (100 Senatè, 435 Depite), and JIDISYÈ Lakou Siprèm (9 Jij). Each column lists its primary functions.

EGZEKITIF Prezidan	LEJISLATIF Kongrè (100 Senatè, 435 Depite)	JIDISYÈ Lakou Siprèm (9 Jij)
<ul style="list-style-type: none">• Adopte lwa• Rankontre ak lidè lòt peyi yo• Dirije militè yo	<ul style="list-style-type: none">• Fè lwa pou peyi nou• Deside konbyen kòb ki pou depanse	<ul style="list-style-type: none">• Asire yo lwa nou yo swiv Konstitisyon an

Sous: James A. Banks et al., *New York: Adventures in Time and Place*, Macmillan/McGraw-Hill (adapte)

1 Ki branch nan gouvènman ki deside konbyen kòb ki pou depanse pou pak nasyonal yo? [1]

Score

2 Ki wòl Lakou Siprèm Etazini an? [1]


Score

3 Kilès ki kòmandan alatèt militè yo Etazini? [1]

Score

Sèvi ak kat anba epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 4 jiska 6 yo.

Tè Ki Gen Anpil Zèb Ak Kèk Pye Bwa Nan Lemonn



Sous: Howard Veregin, ed., *Goode's World Atlas*, Rand McNally, 2005 (adapte)

4 Site *de* kontinan yo montre sou kat sa a ki gen tè ki gen anpil zèb ak kèk pye bwa touprè ekwatè a. [1]

a _____

b _____

Score

5 Site kontinan an ki gen plis tè ki gen anpil zèb ak kèk pye bwa. [1]

_____ Score

6 Poukisa pa gen tè ki gen anpil zèb ak kèk pye bwa nan Antatik la? [1]

Score

Sèvi ak tablo anba epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 7 jiska 9 yo.

Majorite Ameriken ta di li enpòtan pou gen dwa libète ekspresyon. Gen plizyè fason pou egzèse libète sa a. Yo bay lis senk nan fason sa yo anba a.

PREMYE AMANNMAN LIBÈTE YO

lapawòl	dwa pou pale lide ak opinyon yo
laprès	dwa pou pibliye lide ak opinyon ou yo
reyinyon	dwa pou rankontre ak lòt pou pale sou lide ak opinyon ou yo
petisyon	dwa pou mande gouvènman an pou korije bagay ou panse ki pa dwat
relijyon	dwa pou pratike relijyon ou vle

Dwa sa yo — libète lapawòl, laprès, reyinyon, fè petisyon, ak relijyon fè pati dwa libète ekspresyon. Dwa libète ekspresyon nou pwoteje pa Premye Amannman nan Deklarasyon Dwa Moun.

7 Site *de* libète ou jwenn nan Premye Amannman an. [2]

a _____ Score

b _____ Score

8 Ki libète ki pèmèt sitwayen yo ekri senatè yo pou mande pou yon lwa pou korije yon bagay yo panse ki pa dwat? [1]


_____ Score

9 Ki dokiman enpòtan ki gen ladan li Deklarasyon Dwa Moun? [1]

_____ Score

Sèvi ak tablo ak tan kwonolojik ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 10 jiska 12 yo.

Gouvènè yo nan Eta New York	Tèm
Hugh L. Carey	1975–1982
Mario M. Cuomo	1983–1994
Thomas E. Dewey	1943–1954
W. Averell Harriman	1955–1958
George E. Pataki	1995–2006
Nelson A. Rockefeller	1959–1973
Eliot Spitzer	2007–
Malcolm Wilson	1973–1974



10 Site non *de* gouvènè ki manke nan tablo kwonolojik la. [2]

a _____
Score

b _____
Score

11 Kilès ki te gouvènè Eta New York nan lane 1980? [1]

Score

12 Kilès ki gouvènè Eta New York kounye a? [1]

Score

FOR TEACHER USE ONLY

Part II Score _____

Maximum Score is 14

